

WUJUD LAN DAYA PIGUNANE PAWADAN ING TINDAK TUTUR DOL-TINUKU

SUCI WATI

PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA
Sucirahmaa.watii@gmail.com

ABSTRAK

Pawadan iku mujudake salah sijine tatacarane wong kang guneman antarane wong siji marang liyane kanthi cara ngalusake tutur supaya apa kang dituturake ora nganti nglarani atine liyan kang diajak guneman, ora nganti ketara meksa mitra tutur, ora nganti ngasorake wong kang diajak guneman lan sapanunggalane. Pawadan iki ing panliten manca kanthi nggunakake basa Inggris diarani *hedge*.

Wong jawa nalika guneman ing pasrawungan akeh nggunakake tuturan kang ora langsung. Tujuwane supaya tuturan keprungu luwih alus. Basa pawadan salah sijine wujud tuturan ora langsung kang asring ditemokake ing tuturan nalika wong nindakake guneman. Kanthi landhesan bab kasebut, mula miturut panliten ing babagan pawadan iki narik kawigaten banget kanggo diteliti.

Kang dadi underane panliten ing panliten iki, yaiku: (1) kepriye wujud pawadan ing basa jawa ing kadadayan dol-tinuku?, lan (2) kepriye daya pigunane pawadan ing wirasabasa Jawa ing kadadayan dol-tinuku?. Dene tujuwan panliten ing panliten iki yaiku supaya meruhi gegambarane kang jangkep, cetha lan objektif ing babagan: (1) wujud pawadan ing basa Jawa ing kadadayan dol-tinuku, lan (2) daya pigunane pawadan ing wirasabasa Jawa ing kadadayan dol-tinuku.

Landhesan teori kang digunakake ing panliten iki yaiku babagan wirasabasa kang gegayutan klawan ancangan pragmatik kang digunakake ing panliten iki. Teori pamerange wujud pawadan ing kene nggunakake teorine Subagyo. Lan teori pamerange daya pigunane pawadan ing panliten iki nggunakake teorine Rahardi.

Ing panliten iki kalebu panliten kualitatif. Ancangan kang dianggo ing panliten iki yaiku ancangan wirasabasa (*pragmatik*). Objeke panliten yaiku wujud lan daya pigunane pawadan ing tindak tutur dol-tinuku. Sumber dhata ing panliten iki yaiku tuturan-tuturan utawa gunemane wong kang mawa pawadan ing kadadayan dol-tinuku. Instrumen dhata kang digawe ing panliten iki yaiku panliti dhewe. Tatacarane ngumpulake dhata ing panliten iki nggunakake metode simak. Panintinge dhata nggunakake analisi sosiolinguistik, etnografi, lan wirasabasa ing basa Jawa.

Asile panliten kang ditemokake saka pangumpule lan panafsire dhata, yaiku wujud pawadan ing basa Jawa ana patang jinis, yaiku (1) wujud pawadan tumandang, (2) wujud pawadan pakon tanggap, (3) wujud pawadan sananta, (4) wujud pawadan tandang. Lan daya pigunane pawada ing wirasabasa Jawa ing kadadayan dol-tinuku ana nem belas jinis, yaiku (1) pawadan kang mawa wirasabasa pakon, (2) pawadan kang mawa wirasabasa pangatag, (3) pawadan kang mawa wirasabasa panjaluk (4) pawadan kang mawa wirasabasa panyuwunan, (5) pawadan kang mawa wirasabasa panjurung, (6) pawadan kang mawa wirasabasa apus krama, (7) pawadan kang mawa wirasabasa pikoleh, (8) pambagya harja, (9) pawadan kang mawa wirasabasa pawadan kang mawa wirasabasa pangajak, (10) pawadan kang mawa wirasabasa palila, (11) pawadan kang mawa wirasabasa pawe palila, (12) pawadan kang mawa wirasabasa pamenging, (13) pawadan kang mawa wirasabasa pangarep-arep, (14) pawadan kang mawa wirasabasa pangundhat-undhat, (15) pawadan kang mawa wirasabasa pamrayoga, (16) pawadan kang mawa wirasabasa panglulu.

PURWAKA

Pawongan kang srawung ing masyarakat supaya anggone sesrawungan iku bisa nuduhake sopan lan santun ing panganggone basa, nalikane nggunakake basa mau saora-orane kudu gelem nggatekake bab-bab kang minangka pandhapuke tuturan nata ing antarane, (1) bab-bab kang kudu diujarake marang wong kang diajak guneman utawa lawan tutur ing wektu lan kaanan tartamtu gayute karo pepangkatane ing pasrawungan lan budaya ing masyarakat iku, (2) wernaning basa kang biasa digunakake ing wektu lan budaya tartamtu, (3) kapan lan kepriye mungguh tata carane nggunakake giliran ing pacelathon lan nyelani ujure utawa nyelani pacelathone wong kang diajak guneman.. Nanging pandhapuking tuturan mau durung mesthi bisa dadi tandha minangka sopan, santun lan orane anggone nggunakake basa. Mawarna-warna tandha liyane isih bisa ditemokake ana ing tata cara lan tata lakune nggunakake basa mau. Semono uga tata cara lan tata lakune anggone nggunakake basa ing pasrawungane masyarakat Jawa, ing antarane wong Jawa anggone srawung lan nggunakake basa utamane nalikane pacelathon karo wong kang diajak guneman biyasa nggunakake pawadan.

Paclathon ing ngisor iki bisa dianggo tuladha sawektara minangka wujud basa pawadan ing basa Jawa.

- O1: *Paling* disingitna ibumu, jajal golekana nggok rak-rak Ci, wong maeng iku dikon njupuk aku, tapi aku isih ngeloni Tita, mangkane ora tak jupuk-jupuk.
- O2: Iya sik Mbak takgolekna.

Tembung pawadan iku asale saka lingua ‘awad’. Miturut Poerwadarminta (1937: 22) awad nduweni teges kandha ora nyata mung digawe santholan (ethok-ethok). Tembung pawadan oleh ater-ater pa- lan panambang –an. Yen ‘pawadan’ dhewe nduweni teges tetembungan utawa wedhare ethok-ethok kang diucapake dening pawongan kanthi tujuwan supaya ora nganti nglarani atine liyane kang diajak guneman

Pawadan pancen narik kawigaten kanggo dicermati, diteliti, lan dikaji. Salah sijine alasane yaiku amarga ing pasrawungan pawadan nduweni fungsi komunikatif kang signifikan banget. Sajrone pasrawungan saben-dinane kang nggatekake basa manungsa minangka media pokoke, pawadan ana sajrone tingkat kekerepan kang dhuwur. Kamangka sejatine pawadan iki wis suwe banget lan wis kerep banget dianggo dening sakabehe pawongan nalika pasrawungan ing saben-dianane, nanging sasuwene iki panulis durung meruhi ana para ahli basa kang nliti ngenani basa pawadan ing basa Jawa.

Ing basa Indonesia basa pawadan tegese kalimat berpagar, nanging semana uga karo basa pawadan sasuwene iki durung diweruhi ana para ahli basa kang nliti ngenani kalimat berpagar. Yen ing linguistik barat, pawadan diarani *hedge*. *Hedge* nduweni teges ukara kang diucapake dening pawongan kanthi wewatesane basa supaya ukara kuwi ora nganti nglarani atine wong liya

kang diajak pasrawungan. Ana pirang-pirang ahli linguistik manca kang wis njlentrehake ngenani *hedge*. Wilamova (2005) ngandharake menawa *hedge* (partikel, ukara gatra, idiom pragmatis) yaiku panandha pragmatis kang nipisake kakuwatane sawijining pocapan. Teges liya, ngenani *hedge* dindharake dening Brown & Levinson (1987) tetembungan *hedge* digunakake kanggo *kesantunan negatif* sajeroning njaga derajad, dene ing *kesantunan positif* iku mung ngenani *ekspresi wajah* saka kasopanan mau.

Tuladha ing ngisor iki bisa digunakake kanggo ngandharake wujud *hedge*.

They told me that they are married.

‘Dheweke ngomong *yen* dheweke arep nikah’

Adhedhasar tuladha ing ndhuwur bisa diarani *hedge* amarga tuladha (2) mawa basa *hedge*. Tuladha (2) *that ‘yen’*, mujudake tetembungan kang nuduhake minangka wewujudane *hedge* kang daya pigunane ndadekake sawijine pocapan ing tuladha mau durung pesthi.

Adhedhasar tuladha-tuladha ing ndhuwur ing bab pawadan lan *hedge* bisa didudut yen pawadan ing basa Jawa lan *hedge* ing basa manca nduweni teges kang saemper. Saengga bisa dimangerteni kanthi cetha yen tetembungan *hedge* ing basa Inggris, ing basa Jawa diarani tetembungan pawadan

Sacara mirunggan kang diteliti bab polaning basa kanthi ancangan pragmatik ing panliten basa pawadan ing basa Jawa. Kanthi lelandhesan bab iku, panaliten kanthi judhul “Wujud lan Daya Pigunane Pawadan ing Kadadeyan Dol-Tinuku” diadani. Kanthi panliten iki dikarepake saperangane perkara-perkara basa pawadan ing basa Jawa kang rumit, unik, lan maneka warna bisa kawedharake.

Gegayutan karo andharan kasebut, undering panliten iki yaiku: (1) Kepriye mungguh wujud pawadan ing kadadeyan dol-tinuku basa Jawa, (2) Kepriye mungguh daya pigunane pawadan ing kadadeyan dol-tinuku basa Jawa.

Tujuwane sacara umum ing panliten iki bisa oleh gegambarane kang lengkap lan objektif ing bab pawadan ing basa Jawa. Tujuwane sacara khusus panliten iki bisa oleh gegambarane kang lengkap lan objektif ing babagan: (1) wujud pawadan ing kadadeyan dol-tinuku basa Jawa, (2) daya pigunane pawadan ing kadadeyan dol-tinuku basa Jawa.

Panliten iki dilandhesi panganggep: (1) saben kadadeyan lan tumindake basa Jawa mesthi sinartan anane tata krama panganggone basa Jawa saengga panganggone basa iku mau mesthi nduweni maksud kang etis saliyane logis utawa sopan, uga sinartan nalar, (2) tata kramane basa Jawa diwedharake lan diwujudkan ing maneka warna tumindake basa saengga tata krama panganggone basa Jawa bisa kadadeyan saka maneka warna tumindake panganggone basa Jawa, (3) pawadan ing basa Jawa mujudake tumindak panganggone basa Jawa kang arupa salah sijine wedhar lan wujud tata kramane basa ing basa Jawa saengga pawadan ing basa Jawa mujudake saka guru kang manunggal ing tata krama

panganggone basa Jawa, (4) pawadan ing basa Jawa minangka salah sijine wedhar lan wujud basa ing tata krama panganggone basa Jawa nduweni tindak kang teratur lan tindak kang teratur iku mau bisa diamati lan diwedharake, lan (5) wedharane pawadan ing basa Jawa bisa dilaksanakake sacara kualitatif.

Panaliten iki darbe panemu-panemu kang winates, yaiku: (i) Panemu kang winates sacara teoritis lan (ii) panemu kang winates sacara metodologis. Panemu kang winates sacara teoritis gegayutan karo pikiran lan pamawas kang digunakake kanggo mawas lan nalisik bab-bab kang ana ing pawadan ing basa Jawa. Ing panaliten iki bisa digunakake sarana pikiran lan pamawas ing sajrone wirasabasa utawa pragmatik saengga pikiran lan pamawas mau bisa minangka ancangan lan kanggo medharake lan mawas anane perkara-perkara ing pawadan ing wirasabasa Jawa ing kadadayan dol-tinuku.

Panemu kang winates sacara metodologis gegayutan karo sumber dhata lan dhata panaliten, pangumpule dhata lan panintinge dhata. Sumber dhata panaliten iki winates ing kadadayan lan tumindak panganggone basa Jawa ing pasrawungan kagiyatan dol-tinuku. Saengga dhatane winates ing pawadan kang ana ing kadadayan dol-tinuku mau.

Panaliten iki bisa dianggep penting sacara teoritis apadene praktis. Sacara teoritis, panaliten iki bisa menehi sumbangsih pangerti lan topik kajian ing babagan wirasabasa Jawa. Panaliten iki bisa minangka tandha bukti kuwat lan orane sarana sacara teoritis lan metodologis kang digunakake. Saliyane iku, uga ngrowakake lan miji-miji perkara kang bisa ditangani lan dipecahake nganggo ancangan iki.

Sacara praktis, asiling panaliten iki bisa dimanfaatake kanggo ngarahake wong kang nggunakake basa Jawa ing sajrone nggunakake basa sacara etis utawa pacelathon kang manut ing tata krama. Saora-orane wong kang nggunakake basa Jawa bisa nggunakake asile panaliten iki minangka saperangane pathokan kepriye mungguh becike sesrawungan lan imbal wacana kanthi nggunakake basa Jawa. Saliyane iku, bisa uga digunakake kanggo bahane piwulang mangerteni budaya Jawa lan wirasabasa Jawa. Piwulangan mangerteni budaya Jawa bisa nggunakake asiling panaliten iki minangka bahan tetandhingan anggone nggunakake basa.

TINTINGAN KAPUSTAKAN Tindak Tutur lan Pawadan

Fiksi minangka karya sing *imajiner* uga nampilake bab urip lan panguripane manungsa sing banjur digambarake dening pangripta kanthi awujud cerkak, cerbung, novel, lsp. Novel uga karya sastra minangka wujud totalitas sing asipat artistik, tegese novel iku nduweni bageyan-bageyan lan unsur-unsur sing gegayutan antaraning siji lan sijine (Nurgiyantoro, 2010: 22). Novel lan karya sastra sing liyane uga nduweni unsur-unsur sing dadi bageyan saka crita lan mangun crita sajrone novel. Unsur-unsur sing kawangun ing novel lan karya fiksi liyane yaiku unsur basa, nanging uga isih ana unsur liyane sing kanthi cekak bisa digolongake dadi rong bageyan yaiku unsur *intinsik* lan *ekstrinsik*.

Nurgiyantoro (2010: 23) ngandharake yen unsur *intrinsik* iku unsur-unsur sing mangun karya sastra.

Unsur-unsur kasebut yaiku unsur sing ditemokake nalika maca karya sastra. Unsur *intrinsik* sajrone novel yaiku unsur-unsur sing mangun crita. Unsur-unsur kasebut ing antarane kahanan, alur, paraga, tema, latar, basa utawa lelewaning basa, lsp.

Saliyane unsur *intrinsik* sing ana sajrone karya sastra mau, uga ana unsur liyane sing diarani unsur *ekstrinsik*. Miturut Nurgiyantoro (2010: 23) unsur *ekstrinsik* yaiku unsur sanjabane karya sastra sing ora patiya mangaribawani sistem karya sastra, nanging isih dadi bageyan saka crita.

Tindak Tutur Langsung lan Tindak Tutur Ora Langsung

Babagan tindak tutur ana kang diarani tindak tutur langsung lan tindak tutur ora langsung. Miturut panemune Nadar (2009:18-19) tidak tutur diperang dadi loro yaiku tindak tutur langsung lan tindak tutur ora langsung. Tindak tutur langsung yaiku tuturan kang laras karo cakrike ukara, upamane ukara carita dienggo ngabari, ukara pakon dienggo ngongkon, ukara pangajak dienggo ngajak lan liya liyane. Tuladhane:

O1: jupukna gula.

O2: Pira? (01 Maret 2013)

Tuturan (5) mujudake tuladha tuturan langsung kang mujudake ukara pakon, kang maknane ngongkon. Tuturan (5) ngongkon dijupukna gula. Tuladha ing ndhuwur mujudake tuturan langsung amarga tuladha iku tuturane ora dialusake.

Tindak tutur ora langsung yaiku tuturan kang beda karo cakrik ukarane utawa ora laras, mula tindak tutur ora langsung nduweni maksud kang maneka warna lan gumantung karo *kontekse*. Tuturan ora langsung bisa didelok kaya ing ngisor iki.

O1: *Mbok menawa* abot imbalen ae lehma nggawa blanjane.

O2: Gak wis, timbang wira-wiri. (23 Maret 2013)

Tuturan (6) mujudake tuturan ora langsung kang tuturane dialusake lan ora langsung njujug tuturan apa kang dikarepake dening panutur. Tuturan-tuturan ing ndhuwur uga bisa nduweni teges kang bisa uga ora padha karo apa kang dituturake karo apa kang dikarepake dening panutur. Ukara (6) mujudake ukara pakon kang panutur satemen ngongkon supaya nggawa blanjane diimbal wae.

Tata Kramane Basa

Tata krama basa yaiku tata kramane wong kang nindakake pacelathon karo wong liya. Tata krama basa perlu banget digatekake dening sapa wae wong kang nindakake pacelathon supaya nalika nindakake pacelathon panutur ora nglarani atine wong kang diajak pacelathon. Leech (ing Nadar, 2009:28) ngandharake yen ing masyarakat tata krama iku penting banget, lan dibutuhake kanggo nerangake prinsip kerja sama sarta mujudake *komplemen prinsip kerjasama*. Leech lan Wijana (ing Nadar, 2009: 29) ngandharake yen ing tuturan para panutur mbutuhake prinsip liya saliyane prinsip *kerja sama* yaiku prinsip tata krama. Tata kramane basa ana telu yaiku (i) etika basa, (ii)

panganggone basa kang sopan, (iii) panganggone basa kang santun.

Etikane Basa

Etika basa luwih nengenake babagan tumindak utawa tingkah polane panutur. Masinambouw (ing Chaer 2010:6) ngandharake yen basa nduweni daya piguna minangka *sarana kelangsungan interaksi* manungsa ing sajrone masyarakat. Bisa dimangerteni yen ing sajrone tumindak kudu dibarengi paugeran-paugeran kang ana ing budaya Jawa. Gertz (ing Chaer 2010:6) ngandharake panemune yen cara tumindake basa kang manut paugeran-paugeran budaya Jawa iku bisa diarani etika basa utawa tata carane bebasa.

Etika nalika bebasa raket karo norma-norma sosial lan sistem budaya kang lumaku ing sajrone masyarakat. Etikane basa ngatur babagan: (1) apa kang kudu dituturake panutur marang lawan tutur ing wektu lan kaanan tartamtu gandheng karo status sosial lan budaya ing masyarakat, (2) wernane basa kang paling lumrah digawe ing wektu lan kaanan tartamtu, (3) kapan lan kepriye panutur nggunakake wektu ngomong lan mangsuli pitakonane lawan tutur, (4) kapan panutur kudu meneng ngrungokake lawan tutur ngomong, lan (5) kapan panutur kudu nggunakake swara lirih, banter lan *sikap fisik* nalika kita guneman.

Panganggone Basa kang Sopan

Wong kang guneman nggunakake basa kanthi pener lan bener tegese wis bisa nggunakake basa kang pas lan trep karo ragam lan kaanan. (Pranowo 2009:33) ngandharake yen panganggone basa kang becik yaiku panggunane basa kang laras karo ragam, yen panganggone basa kang bener yaiku panggonane trep karo kaidah. Tuladhane nalika ing kedadeyan guneman kang kadaden ing dalan ateges para wong kang nindakake guneman nggunakake basa *informal* utawa basa kang ora baku, semono uga wong kang lagi nindakake guneman ing kantor, panutur kudu nggunakake basa kang formal. Wong kang guneman kudu bisa nggunakake basa kang sopan utawa basa kang pener yaiku nggunakake basa *formal* nalika ing kantor lan sekolah utawa ing panggonan kang resmi, semono uga nalika lagi neng pasar utawa lagi dolanan utawa ing panggonan kang ora resmi basa kang digunakake basa *informal*.

Panganggone Basa kang Santun

Sajrone panggunane basa ana sawijine wangune basa kang santun. Wangune basa kang santun yaiku wangune basa kang ditata dening wong sing guneman dikarepake supaya ora nglarani wong sing ngrungokake. Nalika guneman, panutur iku kudu bisa njaga tuturane, semono uga lawan tutur. Kanthi nggunakake basa, bisa diweruhi yen wong iku nduweni kapribaden kang apik utawa orane. Wong kang nggunakake basa kang santun, bisa ditegesi yen wong iku kapribadene apik. Sawalike yen wong asring nggunakake basa kang ora santun, bisa ditegesi yen wong iku nduweni kapribaden kang ora santun. Hakikat basa sacara santun yaiku wong kang bisa nregani awake dhewe lan awake wong liya, bakal diregani wong liya. Mula yen pengin diregani wong liya kudu nggunakake basa kang santun nalika cecaturan marang lawan tutur.

Andharan kang kaya ngono laras karo andharane Pranowo (2009: 33) basa santun yaiku basa kang bisa ditrima dening lawan tutur kanthi bener. Santun orane wong kang ngomong iku bisa dititiki saka rong perkara, yaiku pamilihe tembung (*diksi*) lan gaya basa. Apik orane tembung panutur bisa ndadekake salah sijine *penentu* santun orane basa kang digunakake. Pamilihe tembung kang pener yaiku nggunakake tembung kanggo ngetokake makna lan maksud ing konteks tartamtu saengga bisa nuwuhake *efek* marang lawan wicara. Kajaba pamilihe tembung, gaya basa uga nggambarake dhuwur lan ora santune wong kang lagi guneman. Gaya basa ora mung digawe kanggo nggampangake maksud panggunane basa nanging kanggo ngetokake kaendahan omongan lan ngalusake basa panutur. Ana pirang-pirang gaya basa kanggo ngetokake basa santun, gaya basa iku antarane *hiperbola*, *perumpamaan*, *metafora*, *eufemisme* lan liya-liyane.

Pawadan

Kaya kang wis diandharake ing bab I yen pawadan iku asale saka tembung awad kang nduweni teges ethok-ethok utawa ngomong kang mung digawe santholan wae, banjur pawadan nduweni teges salah sijine cara utawa tata carane wong kang cecaturan marang wong liya supaya katon alus, ora nganti nglarani ati, ora katon meksa, ora nganti ngasorake wong kang diajak pacelathon (Poerwadarminta 1937:22). Nalika urip ing masyarakat supaya bisa ndadekake wong seneng, ora disatru dening wong liya, ora digethingi dening wong liya, lan supaya ora ngasorake wong, nalika ngomong kudu dibarengi pawadan. Mulane wong Jawa anggane imbal wacana utawa cecaturan biyasa nggunakake basa-basa kang sinamudana yaiku kanthi ujar manis lan polatan kang sume ing antarane nggunakake pawadan.

Wujud Pawadan ing Wirasabasa

Kaya kang wis diandharake ing ngarep panulis durung meruhi yen pawadan nate ditliti dening sapa wae utawa dening para ahli. Supaya bisa mangerteni wujud pawadan ing wirasabasa uga bisa manut cakrike ukara kang diandharake dening Subagyo (2009: 201). Wujud pawadan manut cakrike ukara kang diandharake dening Subagyo ana patang jinis, yaiku wujud pawadan (i) tumandang, (ii) pakon tanggap, (iii) sananta, lan (iv) tandang.

Daya Pigunane Pawadan ing Wirasabasa

Beda karo wujud pawadan kang wis diandharakake sadurunge daya pigunane pawadan sajrone basa Jawa ora mesthi arupa konstruksi pawadan. Kanthi andharan liya, daya pigunane pawadan sajroning basa Jawa kasebut bisa arupa tuturan kang maneka warna, bisa arupa *konstruksi* pawadan lan bisa uga arupa *kontruksi* nonpawadan.

Kang dimaksud daya pigunane pawadan yaiku realisasi maksud pawadan ing basa Jawa yen digayutake konteks situasi tutur kang dadi panyengkuyung. Teges daya pigunane pawadan tuturan kang kaya mangkono iku ditemtokake banget dening konteks. Konteks kang dimaksud bisa asipat *ekstralinguistik* lan isa uga asipat *intralinguistik*.

Daya pigunane pawadan uga bisa ditliti utawa uga bisa dianailis kaya Rahardi. Saka

panliten kang wis ditindakake dening Rahardi (2005:93), ditemokake ana pitulas macem daya piguna pragmatik kang ana ing pasrawungan. Pitulas daya pigunane iku banjur bisa digunakake nлити pawadan basa Jawa kang dhatane dijupuk saka kagiyatan dol-tinuku. Pitulas daya pigunane iku ditemokake sajrone tuturan pawadan langsung utawa sajrone tuturan pawadan ora langsung. Daya pigunane pawadan ing wirasabasa kang ana pitulas iku yaiku: (1) pawadan kang mawa wirasabasa pakon, (2) pawadan kang mawa wirasabasa pangatag, (3) pawadan kang mawa wirasabasa panjaluk (4) pawadan kang mawa wirasabasa panyuwunan (5) pawadan kang mawa wirasabasa panjurung (6) pawadan kang mawa wirasabasa apus krama (7) pawadan kang mawa wirasabasa pikoleh (8) pawadan kang mawa wirasabasa pambagya harja (9) pawadan kang mawa wirasabasa pangajak (10) pawadan kang mawa wirasabasa palila (11) pawadan kang mawa wirasabasa pawe palila (12) pawadan kang mawa wirasabasa pamenging (13) pawadan kang mawa wirasabasa pangarep-arep (14) pawadan kang mawa wirasabasa pangundhat-undhat (15) pawadan kang mawa wirasabasa selamat (16) pawadan kang mawa wirasabasa pamrayoga (17) pawadan kang mawa wirasabasa panglulu.

METODE PANLITEN

Rancangane Panliten

Ing panliten iki nggunakake ancangan panliten *kualitatif*. (Rahardi, 2009: 06) ngandharake panliten *kualitatif* yaiku panliten kang ngasilake tata carane nganalisis kang ora nggunakake tata cara analisis *statistik* utawa cara *kuantifikasi* liyane. Ciri saka panliten *kualitatif* iki nduweni sipat kang alamiah yaiku basa kang isih urip lan ora dimanipulasi. Panliten iki asli, bener-bener panliten saka lapangan kang informane yaiku saka manungsa. Banjur dhata panliten iki awujud *ideografis*, yaiku dhata dudu angka, nomologis lan nomeris. Tata carane nganalisis dhata nggunakake *etnografis* utawa komunikasi dudu analisis statistik.

Dhata lan Sumber Dhatane Panliten

Dhata panliten yaiku wujud lan daya pigunane pawadan ing basa Jawa. Sacara mirunggan pawadan ing basa Jawa lisan kang digunakake sajrone kadadayan dol-tinuku, budaya lan kadadayan-kadadayan kang asipat situasional. Mawa tuturan-tuturan pawadan kang sipate langsung utawa ora langsung.

Sumber dhata panliten yaiku tuturan kang dianggo bebarengan ing pasrawungan antarane panutur lan mitra tutur, sing mujudake panganggepe tutu ring kadadayan dol-tinuku..

Instrumen Panliten

Panliten *kualitatif* kang mirunggan ngrembug babagan wujud basa lan daya pigunane basa ing tuturan. Ing kene panliti minangka instrumen panaliten yaiku panliti iku dhewe. Ing panliten iki panliti tumindak minangka instrument sebab panliten iki kalebu panliten *kualitatif*, lan panliti minangka panutur asli basa Jawa.

Tata Carane Panliten

Pangumpule Dhata

Tata cara pangumpule dhata kaya kang wis disebutake ing ndhuwur, panliten iki panulis nggunakake metode

simak. Amarga ing panliten iki panulis nggunakake metode simak banjur teknik kang digawe yaiku teknik dhasar kang diarani teknik sadap. Teknik dasar ing kasunyatane metode simak iku diwujudake kanthi nyadap wong kang diliti kanggo ngasilake dhata kawiwitan kanthi kapinteran lan kekarepan kudu nyadap pancelathon, pancelathon siji utawa pancelathon wong akeh, kagiatan nyadap iku bisa didelok minangka teknik dasare lan diarani teknik sadap.

Sajrone metode simak ana teknik lanjutane, teknik lanjutan ing metode simak ana papat, nanging ing panliten iki teknik kang digunakake mung telung teknik lanjutan kang digunakake ing panliten iki, yaiku: (1) simak libat cakap, (2) simak bebas libat cakap, lan (3) teknik cathet

Panjltrehe Dhata

Panintinge dhata ing panliten *kualitatif etnografis*, wujud basa lan daya pigunane basa, nggunakake analisis *etnografis*, analisis *fenomenologis* lan analisis *hermeneutis*. Sawise diselarasake ing tata cara panintinge dhata telu mau dianggo kanggo nintingi dhata panaliten iki. Tata cara panganggone tetelune mau bisa katiti saka langkah-langkah panintinge dhata kang kedadean saka, (1) panelaah lan pamilahe dhata, (2) panitike dhata lan pangumpule dhata, (3) pamerange lan panjinise dhata, lan (4) napsirake lan nerangake dhata.

Tata Carane Panyuguhe Asile Panliten

Asile panliten kang arupa kaidah-kaidah bisa disuguhake kanthi rong cara, yaiku metode *informal* lan metode *formal*. Mahsun, (2007: 123) ngandharake ngenani rong metode kasebut. Manut andharane Mahsun, metode *informal* nduweni teges perumusan kanthi nggunakake tembung-tembung utawa tetembungan kang biasa, kalebu panggunane *terminologi* kang asipat teknis. Metode *formal* yaiku perumusan kanthi nggunakake tanda-tanda utawa lambang-lambang. Sudaryanto (ing Mahsun, 2007: 123) ngandharake masalah panggunane tembung-tembung utawa tetembungan, tandha-tandha utawa lambang-lambang mujudake teknik asile andharan bab-bab kang beda saka metode panyuguhan kasebut.

Diandharake ing ndhuwur yen ing panliten iki, panliti nggunakake ancangan panliten *kualitatif*. Panliten nggunakake ancangan *kualitatif* amarga ing panliten iki kang diteliti babagan tetembunga, ora babagan angka-angka. Mula, metode panyuguhane analisis kang digunakake ing kene yaiku metode *informal*. Panyuguhe asile panintinge dhata diwiwiti *Purwaka* minangka Bab I. Bab *Tintingan Kapustakan* minangka Bab II. Sabanjure disuguhake andharan ngenani *Metode Panliten* ing Bab III. Bab sing isine andharan wujud lan daya pigunane pawadan ing wirasabasa disuguhake ing Bab IV. Kanggo mungkasi prathelan sajrone tulisan iki disuguhake Bab V, yaiku bab *Panutup*.

ANDHARAN ASILING PANLITEN

Wujud Pawadan

Pawadan Tumandang

Pawadan tumandang yaiku pawadan kang ana ing sajrone ukara tumandang kang wewujudane tumindak utawa solah bawa kang ngandharake kaanan nalar lan pikire tumindak manut tafsirane panutur utawa sikape

panutur ing bab apa kang kawedhar. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: **Kate** tuku nang endi?

O2: Nang Pak ngos mbak nek neng kene gak ana. (30 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 minangka bakul lanang marang O2 wong tuku wadon nalika ing pasar ing wayah esuk. O2 kang nalika kandha marang O2 yen rinson wadhahan gedhe kaya dene kang dikarepake dening O2 iku ora ana, banjur O1 takon neng O2 arep nggolek neng endi. O2 ngomong yen arep tuku neng nggon liya amarga neng tokone O2 ora ana.

O1: **Arep** tuku apa?

O2: Tuku lengane setengah Mbak. (05 April 2013)

Konteks:

Tuturan ing ndhuwur dituturake dening O1 minangka bakul wedok marang O2 minangka bocah wedok. O2 mara neng tokone O1 ing wayah sore. O1 kang ngerti O2 mara neng tokone banjur nakoni O2 arep tuku apa lan O2 mangsuli yen dheweke arep tuku lenga setengah kilo.

Pawadan Pakon Tanggap

Pawadan pakon tanggap yaiku ukara pawadan kang dieloki ukara kang lesaning ukara kriya tanduk (kang bakal ditanduki pakaryan) kudu ditanduki pakaryan mau. Panganggone ukara pakaryan gegayutan karo kekarepane wong kang guneman njaluk supaya wong kang diajak guneman nudukake pakaryan kanggo wong kang guneman, nanging ora sacara langsung. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: **Nek** isih ana dhuwit tukunen kabeh paa mbak Sri, aku tak ndang mulih.

O2: Takgawe apa akeh-akeh, dhuwite hlo didum. (03 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan ing ndhuwur dituturake dening O1 minangka bakul tempe wadon lan O2 minangka wong tuku wadon. Tuturan iku kadaden ing pasar nalika esuk iku O2 tuku tempe neng nggone O1. O1 ngongkon O2 nuku tempene kang kira-kira isih sisa sepuluh, nanging O2 ora gelem kathi alesan dhuwite didum gawe tuku liyane.

O1: **Nek** pancen pengin ndang tukunen selak dituku wong hlo.

O2: Iya wis, tak tukune Mbak. (06 April 2013)

Konteks:

Tuturan ing ndhuwur dituturake dening O1 minangka bakul klambi wedok lan O2 bocah tuku wadon kang isih SMA. Tuturan iku kadaden ing toko klambi nalika sore. O1 ngomong marang O2 yen pancen O2 pengin

klambi kang ana ing toko iku O2 dikongkon ndang nuku klambi iku amarga klambi kang dipengini O2 ing toko iku mung kari siji, banjur yen ora dituku-tuku dening O2 selak klambi iku dituku dening wong liya. Amarga O2 wis pengin tenan nduweni klambi iku banjur klambi iku dituku dening O2.

Pawadan Sananta

Pawadan sananta yaiku ukara sananta kang ngemot pawadan, kaya mangkono iku kang diarani pawadan sananta. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: **Beke** oleh takngutang rokok ya.

O2: Nyaure karo bon sing wingi pisan ya? (02 April 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 wong tuku lanang, lan O2 bakul wadon. Nalika esuk iku O1 kang satemen tanggane O2 arep budhal lunga nanging sadurunge lunga O1 mara neng tokone O2 kanthi tujuan arep ngutang rokok. Dening O2 diutangi nanging O2 njaluk utange sing durung disaur uga dikon nyauri sisan.

O1: **Mbok menawa** baksone isih aku taknjupuk mangkok mulih?

O2: Isih Ci, isih akeh. (27 Februari 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 bakul bakso rombong, lan O2 wong tuku wadon. Nalika sore iku bakul bakso leren ing ngarep omahe O1. O1 takon kanggo mesthekake baksone isih apa ora

Pawadan Tandang

Pawadan tandang yaiku ukara tandang kang ngemot tembung pawadan kang wewujudane salah bawa kang ngadharake kaanane nalar. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: **Bek-beke** ana turahan thithik ora ngapa Mbak taktukune.

O2: Belas gak ana Dhi. (07 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iki dituturake dening O1 minangka wong tuku wadon marang O2 bakul sayur. Esuk iku O1 mara nyang toko sayure O2 kanthi tujuan O1 arep tuku jamur. Satekane O1 neng tokone O2, jebul jamure wis entek. O1 ngomong yen ana turahan sithik wae ora ngapa arep dituku nanging O2 ngomong yen ora ana blas.

O1: **Beke** wis ana mengko sore takjupuke.

O2: Aku hlo durung nyang pasar. (27 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan ing ndhuwur dituturake dening O1 minangka wong tuku wedok lan O2 bakul mracang wedok. O1 kang esuk iku mara ing tokone O2 guna nakokake titipan mie kang dititipake dening O1

wiwit bengine, banjur karo O2 diwangsulni yen dheweke durung budhal menyang pasar

Daya Pigunane Pawadan ing Wirasabasa

Beda karo wujud pawadan kang wis diandharakake sadurunge daya pigunane pawadan sajrone basa Jawa ora mesthi arupa konstruksi pawadan. Kanthi andharan liya, daya pigunane pawadan sajroning basa Jawa kasebut bisa arupa tuturan kang maneka warna, bisa arupa *konstruksi* pawadan lan bisa uga arupa *kontruksi* nonpawadan.

Kang dimaksudke daya pigunane pawadan yaiku realisasi maksud pawadan ing basa Jawa yen digayutake konteks situasi tutur kang dadi panyengkuyung. Teges daya pigunane pawadan tuturan kang kaya mangkono iku ditemtokake banget dening kontekse. Konteks kang dimaksud bisa asipat *ekstralinguistik* lan isa uga asipat *intralinguistik*.

Daya pigunane pawadan uga bisa diteliti utawa uga bisa dianalisis manut analisis Rahardi. Saka panliten kang wis ditindakake dening Rahardi (2005:93), ditemokake ana pitulas macem daya piguna wirasabasa kang ana ing pasrawungan. Pitulas daya pigunane iku banjur bisa digunakake nlinti pawadan basa Jawa kang dhatane dijupuk saka kagiyatan dol-tinuku. Pitulas daya pigunane iku ditemokake sajrone tuturan pawadan langsung utawa sajrone tuturan pawadan ora langsung. Nanging ing analisis iki mengko ora kabeh kapitulas daya pigunane miturut Rahardi bisa ditemokake ing tuturan kang ana ing tindak tutur dol-tinuku kang tuturane mawa basa pawadan.

Pawadan kang Mawa Wirasabasa Pakon

Wong urip mesthi mbutuhake wong liya, amarga dhewe ora isa nyukupi kebutuhane dhewe. Nalika wong butuh karo wong liyane, wong iku mesthi njaluk tulung kanthi ngongkon. Tuturane wong kang ngongkon kaya mangkono diarani ukara pakon. Pawadan kang mawa wirasabasa pakon uga akeh dianggo ing tuturan nalika wong nindakake pacelathon. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: *Beke* ana sing luwih gedhe golekna Mbak, keseseken iki takgawe.

O2: Inggih Pak, sekedhap kula padosaken.
(13 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 wong tuku lanang marang O2 bakul sandhal wadon. Awan iku O1 lagi tuku sandhal ing tokone O2. Amarga sandhal kang dicuba dening O1 kecil-kecil banjur O1 njaluk dijupukake ukuran sadhal kang luwih gedhe karo O2, banjur karo O2 digolekake sandhal kang ukurane luwih gedhe.

O1: *Mbok menawa* neng sak-sak ana Cak Ri, turahane sing wingi.

O2: Masalah, antek-entek sri, nek isih iki hlo lapo gak tak dol. Golek ana dhewe nek gak percaya. (16 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 wong tuku wadon marang O2 bakul sayur lanang. Awan iku O1 kang mara neng tokone O2 arep tuku terong. Satenake ing tokone O2 teronge entek, banjur O1 njaluk digolek-golekne terong dening O2 mbok menawa isih ana turahan kang kliwatan ing njero sak.

Pawadan kang Mawa Wirasabasa Pangatag

Pawadan kanthi makna pangatak dititiki kanthi tembung coba. Nanging ing kadeyan pacelathon ora mesthi tuturan kang mawa pangatak nggunakake tembung coba. Bisa uga wong iku ngongkon nanging ora nggunakake tembung coba. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: *Ketoke* kok akeh men sing tuku kopi, coba gawanen rene takrewangi madhahi.

O2: Nggih mbah, jenengan ewangi madhahi.
(25 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 minangka wong tuku wadon tuwa marang O2 bakul mracang wadon. Sore iku O1 kang arep tuku kopi neng tokone O2. O1 meruhi yen sing arep tuku kopi wong akeh banjur O1 ngongkon O2 nggawa kopine nyedhak neng dheweke ben direwangi dening O2.

O1: *Ketoke* kok mbulak iki, coba jupukna sing liyane sing wernane gak ngene Mbak!

O2: Hla ancen iki mek dienggo pajangan thok Mbak, takjupukna sing isih plastikan nggok njero. (4 April 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 minangka wong tuku wedok lan O2 minangka bakul klambi wedok. O1 kang Sore iku tuku klambi neng tokone O2 njaluk dijupukna klambi sing wernane isih apik.

Pawadan kang Mawa Wirasabasa Panjaluk.

Tuturan kang ngandhut makna nyuwun dititiki kanthi tembung tulung utawa tembung liya kang maknane njaluk. Panjaluk ing kene diandharake kanthi kasantunan nyuwun tulung utawa tembung liya kang maknane njaluk. Mula wong kang lagi njaluk tuluk utawa njaluk barang, kudu nggatekake kasantunan nalika pacelathon ing pasrawungan. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: *Beke* mene kulak kroyo tulung paa Mbak Dar aku umanana.

O2: Yaa Allah Mbak Sri, aku hlo wis oleh pesenan kroyo uakeh tapi ya gak tau oleh barange. (31 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 minangka wong tuku wadon marang O2 wong dodol iwak wadon. Esuk iku wong O1 mara neng tokone O2 amarga O1 arep tuku kroyo neng O2 kang biyasane dodol kroyo. Nalika O1 rana arep tuku kroyo, O2 kandah yen dheweke

uga wi suwe ora kulak kroyo. O2 banjur njaluk tulung O2 upama O2 kulak kroyo O2 dikongkon ngumani kroyone.

O1: **Beke** giduk, tulung ndang Mbak gayukna masako loro.

O2: Loro thok tah? (22 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 minangka wong tuku wedok marang O2 wong tuku wedok. Esuk iku O1 kang O2 ana ing bakul iwak ing pasar. O1 njaluk tulung marang O2 supaya dijupukna masako sing ana ing cedhake O2.

Pawadan kang Mawa Wirasabasa Panyuwunan

Mayarakat ing pasar uga mbutuhake wong liya. Wong nalika mbutuhake wong liya bisa uga amarga wong kuwi mbutuhake pitulungan. Njaluk tulus wong liya uga ana cara supaya wong kang dijalku tulung gelem mbantu. Mula yen ngomong nalika arep njaluk tulung wong liya kita kudu nggunakake tetembungan utawa pocapan kang alus nalika. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: **Mbok menawa** mari milih kaset tak suwun balekna neng nggone ya Dhik.

O2: Nggih mbak. (20 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 minangka bakul kaset VCD wedok lan O2 bocah lanang kang tuku kaset. O2 nalika sore iku mara ing toko kasete O1 arep tuku kaset. O1 banjur ngmongi O2 yen mari milih kaset dikongkon mbalekake neng nggone amarga kaset-kaset mari ditata dening O1.

O1: **Nek** mari ndelok taksuwun dilebokne kranjang maneh hlo ya nak.

O2. Inggih Bu Sri. (05 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 minangka bakul wedok lan O2 minangka bocah wedok cilik kanga rep tuku. Awan iku O2 menyang tokone O1 amarga arep tuku jepit, banjur jepit kang diwadahi kranjang dening O1 ditokne saka kranjang dening O2 amarga dirasa ben luwih cetha anggane dheweke ndelok jepit. Karo O2, O1 disuwunyen mari ndeloki jepite sing ditokake saka kranjang dilebokne maneh neng njero kranjang.

Pawadan kang Mawa Wirasabasa Panjurung

Tuturan pawadan kang mawa wirasabasa panjurung iku ditiiki karo tembung ayo. Sailyane iku kadhang kala nggunakake uga tembung kudu supaya bisa menenhi maksud panjurung kasebut. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: Iki **nek** ledheh ngene kudu kok tuku hlo ya.

O2: Hlo aku hlo gak ngapak-ngapakna Mbah. (18 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 minangka bakul wedok marang O2 minangka wong tuku bocah lanang. O2 nalika sore iku lagi tuku ing tokone O1. O2 kang nalika ngenteni dipekena dening O1 dolanan tahu kang ana ing ngarepe. Tahu kang didol O1 nyuyut amarga digawe dolanan dening O2.

O1: **Nek** gak tuku ayo mulih selak udan iki hlo, ayo sida tuku apa gak.

O2: Tukokna susu milkuat. (08 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan ing ndhuwur dituturake dening O1 lan O2 nalika O1 lan O2 ana ing toko ing wayah awan. O1 minangka ibune O2 nawani apa O2 sida njaluk ditukokake jajan apa ora, banjur O2 ngomong yen dheweke njaluk ditukokna milkuat.

Pawadan kang Mawa Wirasabasa Apus Krama

Tuturan pawadan kang mawa wirasabasa apus krama iku ukarane mawa ukara bujukan utawa ngrayu, kanthi tujuan supaya kang dikarepake bisa katurutan. Pawadan apus krama uga bisa diarani tuturan kang tujuwange ngapusi nanging apusane dialusakeben ora ketasa yen ngapusi. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: **Beke** isa dikurangi maneh regane, aja samono tah mbak regane?

O2: Walah, gak isa mbak pas samono, iku ae aku ngepasna kulakanku. (31 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 minangka wong tuku wedok lan O2 bakul klambi wedok. Esuk iku O1 tuku klambi neng tokone O2. O1 mbujuk O2 supaya O2 gelem ngurangi rega klambi kang wis dipilih dening O1.

O1: **Beke** mene neng pasar ana kowe tukang maneh, ayo talah Sri taktukune, kowe lak sing ben dina kulakan nang pasar sih Sri.

O2: Aja Mak Ken, iki olehe Tia njaluk wis suwe, nggok pasar gak mesthi ana sing dodol. (13 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan ing ndhuwur dituturake dening O1 bakul wedok lan O2 wong tuku wedok. Esuk iku O1 lagi blanja neng tokone O2. O2 ngerti yen O1 tuku iwak sombro gedhe, banjur karo O1 iwak sombro kanga rep dimasak dhewe dening O2 arep dituku, nanging ora oleh karo O2 amarga O2 tuku iwak sombro nukokake anake.

Pawadan kang Mawa Wirasabasa Pikoleh

Ing urip bebrayan ing masyarakat ora kabeh manungsane tepak lan trep nalika tumindak. Tumindak kang ora trep yen dielingake dening diarani mikolehake. Pawadan kang mawa makna pikoleh, lumrahe,

digunakake bebarengan karo panambang -en. Saliyane iku, pawadan jinis iki asring digunakake bebarengan karo ungkapan panandha daksuwun. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: Sri, **beke** sesuk kowe nyang aja mampir neng tokoku ya, sesuk aku prei gak dodol sedina.

O2: Lapo Mbah kok prei barang? (01 April 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 minangka bakul kedhondhong wadon marang O2 minangka wong tuku wadon. Esuk iku O2 kang wis dadi langganane O1 dikandhani dening O1 yen dina mene O1 ora dodol. O1 ngandhani O2 supaya yen O2 nyang pasar O2 ora perlu mampir neng tokone O1.

O1: Sri **kayake** sesuk aku gak dodol, dadi lehm kulakan akehana saiki pisan, sesuk preia kulakan.

O2: Ealah Mi, nek sampeyan gak dodol ya aku takprei gak nyang. (12 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 minangka bakul wedok lan O2 minangka wong tuku wedok. Awan O1 kandha neng O2 yen O1 dina sesuk prei ora dodol, banjur O1 ngongkon O2 kulakan mesisan sing akeh amarga sesuk O1 tutup sedina ora dodolan.

Pawadan kang Mawa Wirasabasa Pambagya Harja

Wong yen nalika ketemu wong liya utawa nampa tamu mesthi nggunakake tetembungan kang mawa tembung kanthi makna nyumanggakaken. Semana uga ing kadadayan dol tinuku uga ana tuturan kang nggunakake tetembungan pambagya harja. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: **Menawi** lesu mampir riyin Pak, Bu, mangga diincipi satene.

O2: Emoh, mari incip ya mbayar kok. (22 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 lan O2. O1 minangka bakul sate lan O2 wong lanang kang liwat ngarepe bakul sate. Bengi iku O1 nyumanggakake O2 mangan neng warunge kanthi nggunakake tembung incip.

O1: Mangga **menawi** butuh glathi Mbak, dijamin landhep langsung pedhot nek digawe ngiris tangan.

O2: Ya landhep wong glathi anyar kok. (14 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 lan O2. O1 minangka bakul glathi lan O2 minangka wong tuku. Awan iku O2 arep tuku glathi, nanging nalika isih teka ngarep bakule wis nawani O2

glathi kanthi tujuwan supaya O2 percaya yen glathine kang didol dening O1 tenanan landhep.

Pawadan kang Mawa Wirasabasa Pangajak

Wong ing saben dinane mesthi ngajak wong. Ngajak tumindak kaya kang dikarepake lan ngajak menyang panggonan kaya kang dikarepake. Ing tindak tutur kang ana ing pasarawungan uga ana tuturan kang unine ngajak. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: **Kayake** wetengku wis kluruk iki, ayo tuku bakso sik.

O2: Dhisika, aku takpesen dhawet sik. (09 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 lan O2. O1 minangka wong wedok kang mara neng pasar. O1 lan O2 esuk iku neng pasar blanja, banjur O1 kang sambat wetenge luwe ngajak O2 neng warung bakso sik, nanging O2 ngongkon O1 neng warung baksosik amarga O2 isih arep mampir neng bakul dhawet lan oesen dhawet.

O1: Bu **meh** keluwen aku, ayo tumbas maem sik Bu.

O2: Sik ndhuk, tak nutukna milih kacang. (03 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 lan O2. O1 minangka anake wedoke O2 lan O2 minangka lija kang saben dinane neng pasar. Awan iku O2 kang menyang pasar ngajak anake O1 banjur O2 sambat luwe lan ngajak mangan amarga rasa luwe kang dirasa dening O1 wis krasa banget. O2 nyemayani yen wis mari milih kacang banjur gelem neng warung.

Pawadan kang Mawa Wirasabasa Palila

Tuturan kanthi nggunakake makna palilah biyasane digunakake nalika arep butuh utawa nggawa samubarang sing dadi duweke wong liya. Mula wong yen arep nyilih utawa nggawe apa wae kang dudu duweke kudu njaluk palilah marang sing nduwe. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: **Ketoke** kok kangelan nggawa blanjane Mbak, kene tak rewangi nggawa.

O2: Ya ngono Yub rewangana nggawa Ibuke iku. (07 April 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 lan O2. O1 minangka tukang parkir kang ana ing pasar, lan O2 minangka lija kang saben dinane nyang pasar. Awan iku O1 kang ngerti yen O2 kangelan nggawa blanjane banjur O1 kang niatan ngrewangi O2 nggawa blanjane neng sepedhah nawani apa O2 gelem direwangi apa ora, lan O2 ngiyakake tawanane O1.

O1: Mbak, *nek* iwuh nggawane, takterna neng parkiran Mbak.

O2: Iya, iwuh nggawane aku, nek awakmu gak repot tera ya. (18 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 lan O2. O1 minangka wong bakul mracang lanang lan O2 minangka wong tuku. Awan iku O2 lagi blanja ing tokone O1 banjur nalika O1 ngerti yen O2 blanjane akeh lan kangelan nggawane O1 nyuwun palila marang O2 ngeterake blanjane O2 nganti tekan sepedhahe kang ana ing parkiran.

Pawadan kang Mawa Wirasabasa Pawe Palila

Pawadan kang mawa wirasabasa pawe palilah yaiku tuturan kang mawa tembung pawadan kang tuturan mawa maksud menahi palila marang wong liya. Pawe palila ing kene bisa kang sadurunge wong liya njaluk palila utawa tanpa wong liya njaluk palila nanging panutur wis menahi palila. Ing tuturan ing kadadeyan dol tinuku kang mawa pawadan pawe palila uga bisa ditemokake. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: *Ketoke* nggawaku ya iwuh iki, gak apa nek awakmu gelem nggawakna.

O2: Iya tak rewangi nggawa Yu. (04 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 lan O2. O1 minangka lija sayur lan O2 minangka wong lanang kang uga neng pasar. Esuk iku O1 kang kangelan nggawa banjur ditawani digawakake blanjane dening O2, nanging O2 nyuwun palila dhisik marang O1 nggawakne blanjane. O1 pawe palila lan banjur O2 ngrewangi nggawakake blanjane O1.

O1: *Upama* durung ana dhuwit, nggawaa beras sik Mak Mi gak apa.

O2: Iya paa tak saur nono teka lunga? (01 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 minangka bakul wedok lan O1 minangka bakul lan O2 minangka wong tuku. O2 kang nalika bengi iku mara neng tokone O1 sambat yen dheweke ora nduwe dhuwit, banjur karo O1 pawe palila mbokmenawa O2 durung ana dhuwit ora ngapa yen utang dhisik.

Pawadan kang Mawa Wirasabasa Pamenging

Pamenging ing tuturane masyarakat digunakake nalika menging wong liya tumindak kang ora kaya dikarepake dening wong kang menging Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki

O1: *Nek gak kliru* iku maeng wis duweke wong liya, aja njupuk sing neng wadhah abang hlo Ndhuk.

O2: Gak, aku njupuk neng kothak ngarep kok. (04 April 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 bakul sayur wedok marang O2 wong tuku wedok. O2 nalika esuk iku kang lagi milih worthel kang kari mung thithik ing tokone O1. Nalika iku ana wotel akeh ing kresek cedhak karo kothak nggone wortel, banjur O1 menging O2 njupuk worthel neng kresek amarga O1 wedi yen O2 njupuk wothel neng kresek kang duweke wong liya kang dititipake amarga worthele sing neng kothak elek-elek.

O1: *Beke* mari ngene ana sing nggoleki, aja kok sok sik iku kenthange,.

O2: Duweke sapa Mbak Er? (10 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 minangka bakul sayur wedok lan O2 minangka rewange dodol O2. O1 kang nalika esuk iku isih wiwit bukakan toko mangerteni yen aisih ana blanjane wong liya ing dina wingine sing kari utawa lali ora dijupu. Nalika O2 tata-tata lan arep ngeso kenthang kang ana ing kresek iki dipenging dening O1 amarga O1 kuwatir yen mengko kenthang iku digoleki karo sing nduwe.

Pawadan kang Ngandhut Makna Wirasabasa Pangarep-Arep

Manungsa urip ing ndonya mesthi nduweni pangarep-arep. Pangarep-arep iku bisa marang Gusti Allah, uga bisa marang manungsa. Pawadan kang mawa wirasabasa pangarep ana digunakake ing kadadeyan dol tinuku. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: *Kayake* kok mudhun maneh ngene regane, muga-muga ae pas aku panen mundhak.

O2: Panen mene ya tambah mudhun.(01 April 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 minangka wong lanang kang dodol gabah marang O2 minangka wong wedok kang nuku gabah. Sore iku O1 dodol gabah neng selepe O2. Nalika O1 dodol gabah, rega gabah mudhun, banjur O1 nduwe pangarep-arep yen dheweke panen rega gabah mundhak.

O1: *Prasaku* kok kurang gedhe ya, batah wis muga-muga ae gak keciliken.

O2: Ngene ae Mbak nek gak sedheng sesuk sampeyan ijolna. (26 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 minangka wong tuku wedok lan O2 wong dodol lanang. Sore iku O2 kang mara neng toko kang nyedhiakake piranti kanggo bayi. O1 arep nukokake klambi kanggo anake kancane kang lagi lair, nanging O1 ora ngerti sapira anake

kancane, banjur karo O1 ditukokake klambi ngawur lan O1 nduweni pangarep-arep supaya klambi kang ditukokake sedheng lan ora kecilikan.

Pawadan kang Mawa Wirasabasa Pangundhat-Undhat

Wong kang lagi nesu biyasane emosine ora kakontrol. Wong kakng nesu biyasane omongane kasar lan ngundhat-undhat kanthi nggunakake tetmbungan kang kasar. Ing pasrawungan ing kadadeyan dol tinuku uga ana wong-wong kang nggunanake tuturan pangundhat-undhat. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: **Nek** liwat ngarep tokoku awas koen ya, arek kurang ajar dagangane wong dieker-eker.

O2: Lapo mbak Sri. (29 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturane dening O1 minangka bakul wedok lan O2 wong wedok. O1 kang bakul gabah, esuk iku lagi mipih gabahe neng ngarep omah, banjur nalika iku ana bocah lanang-lanang telu kang ngeker-eker gabahe, banjur O2 nesu-nesu marang bocah lanang telu kang wis ngalih iku.

O1: **Nek** rene maneh, gak ngarah tak doli, klambi dicobaki kabeh tapi gak ana sing dituku, lak ya kurang ajar wong ngono iku.

O2: Wong iku maeng tak Bu? (26 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 marang O2. O1 minangka bakul klambi wedok lan O2 minangka wong kang arep tuku wedok. Bengi iku O2 kang arep tuku klambi neng nggone O1 ngerti O1 kang lagi nesu-nesu. O2 nesu-nesu amarga tokone mari ditekani wong tuku kang njajali akeh klambi neng tokone O2 nanging klambi iku ora ana sing dituku

Pawadan kang Mawa Wirasabasa Pamrayoga

Urip nalika srawung dening wong liya mesthi ana wong kang merlokake *saran* utawa prayoga dening wong liya. Semana uga neng kadadeyan dol tinuku. Nalika ana kadadeyan ing tuturan dol tinuku mesthi ana tuturan-tuturan ing kadadeyan dol tinuku kang dipocapake dening wongwong. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: **Nek** isih panas, lemekana tisu ika hlo Mbak.

O2: Ga usah wis. (01 Maret 2013)

Konteks:

Tuturana iku dituturake dening O1 minangka bakul martabak marang O2 minangka bocah wadon kang tuku. Sore iku O2 tuku martabak neng nggone O1, ngerteni O2 nggawa martabake kepanasan O1 mrayogakake O2 nggawa martabake dilemeki tisu.

O1: **Kudune** sampeyan tukokna njeronan ninja mbak, cek pasminane isa sampeyan modhel-modhel.

O2: Iya Mbak, aku yaw is nduwe kok. (05 April 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 minangka bakul krudhung wedok lan O2 minangka wong tuku wedok. O2 kang nalika bengi iku O2 mara neng tokone O1 kepengin tuku krudhung kang modhele pasmina banjur bingung yen wis tuku arep dimodhel piye, banjur O1 mrayogakake supaya O2 tuku iket modhel ninja.

Pawadan kang Mawa Wirasabasa Pangelulu

Tembung “Nglulu” maknane kaya ngongkon mitra tutur supaya nglakoni apa kang dikongkon, nanging sejatine iku ora diolehi dilakoni utawa dipenging. Pawadan kang nduweni makna “Ngelulu” ora nggunakake kanthi pratandha kesantunan nanging awujud tuturan pawadan biyasa. Dhata kang bisa diasilake kaya ing ngisor iki.

O1: **Nek** ngunyet tahu aja setengah-setengah Van, ndang diunyet kabeh kono cek mesisan gak ngedol.

O2: Aku hlo gak sengaja mbah, gak sadhare nek sing tak remet-remet iki maeng tahu. (05 Maret 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 bakul sayur wadon tuwa lan O2 bocah lanang SD. O2 kang minangka wong tuku kang ngeteni didoli dening O1 bakul sayur ora sadhar nalika ngunyet tahu nganti tahune ledheh loro. O1 kang meruhi O2 nalika nggawe dulinan tahu kang ana ing bak nalika ngenteni didoli dening bakule banjur O1 pegel karo O2.

O1: **Nek** ngenyang aja samono mbak, isih kelarangen, **beke** kurang murah sampeyan nyang sepuluh ewu oleh telu pisan ae Mbak.

O2: Oleh tah sepuluh ewu telu? (07 April 2013)

Konteks:

Tuturan iku dituturake dening O1 minangka bakul krudung lanang marang O2 minangka wong tuku wadon. Esuk iku O2 tuku krudhung neng tokone O1. O2 ngenyang krudhung kang regane limolas ewu. O2 ngenyang krudung limolas ewu njaluk loro banjur diwangsulni kaya mangkono dening O1.

PANUTUP

Dudutan

Katiti saka asile panaliten kang kaandharake ing bab IV bisa kawedharake dudutan mangkene, (1) wujud pawadan ing basa Jawa kang ana ing panliten kathi irah-irahan “Wujud lan Daya Piginane Pawadan ing Tindak Tutur Dol-Tinuku” iki ana patang jinis, yaiku (i) wujud

pawadan tumandang, (ii) wujud pawadan pakon tanggap, (iii) wujud pawadan sananta, lan (iv) wujud pawadan tandang, lan (2) saya pigunane pawadan ing basa Jawa kang ana panliten kanthi irah-irahan “Wujud lan Daya Pigunane Pawadan ing Tindak Tutur Pawadan Dol-tinuku” iki ana nem belas, yaiku (i) pawadan kang mawa wirasaba pakon, (ii) pawadan kang mawa wirasabasa pangatag, (iii) pawadan kang mawa wirasabasa panjaluk, (iv) pawadan kang mawa wirasaba panyuwunan, (v) pawadan kang mawa wirasaba panjurung, (vi) pawadan kang mawa wirasaba apus krama, (vii) pawadan kang mawa wirasaba mikolehake, (viii) pawadan kang mawa wirasaba pambagya harja, (ix) pawadan kang mawa wirasaba pangajak, (x) pawadan kang mawa wirasaba, (xi) pawadan kang mawa wirasaba pawe palilah, (xii) pawadan kang mawa wirasaba pamenging, (xiii) pawadan kang mawa wirasaba pangarep-arep, (xiv) pawadan kang mawa wirasaba pangundhat-undhat, (xv) pawadan kang mawa wirasaba pamrayoga, lan (xvi) pawadan kang mawa wirasaba pangulu.

Pamrayoga

Gegayutan karo tumindake lan asile panaliten bisa kaandharake pamrayoga kang gayut karo panaliten sateruse lan piwulang basa Jawa kayata: (1) panaliten iki lagi nitik, nalisik, lan nliiti babagan wujud pawadan ing basa Jawa ing kadadeyan dol-tinuku lan lan daya pigunane pawadan Datane panaliten iki dikumpulake saka kadadeyan lan tumindake basa Jawa ing tutura lan kadadeyane wong dol tinuku. Mula saka iku mesthi wae durung kabeh kadadeyan lan kaanane basa Jawa kang lumaku ing pasrawungan durung bisa kagarba lan bisa kadhudhuk lan kadhudhah. Gayut karo bab iku perlu diadani panaliten kang minangka terusane panliten iki kayata ing bab (i) tata lakune panganggone wujud pawadan ing basa Jawa, (ii) perkara-perkara kang dadi pepalange wong kang nggunakake basa ing pasrawungan saben dinane kang disebabake anggone ngecakake lan orane wujud pawadan ing basa Jawa, (iii) gayute pawadan ing basa Jawa karo unggah-ungguhing basal an budaya, panalitan sateruse kang mirunggan iki kaajaba alelandhesan dhatane panaliten kang dikumpulake saka tatarane wilayah kang luwih jembar, ora mung winates ing tuturan ing dol-tinuku, lan (2) Asile panaliten iki kaajab nduweni kecocokan karo ancangan sosiolinguistik, etnografi, lan wirasabasa ing basa Jawa. Mula saka iku, asile panaliten iki bisaa digunakake kanggo bahan kuliyah ing mata kuliyah-mata kuliyah basa, ing jurusan basa lan sastra Jawa, pungkas ing perguruan tinggi malah-malah asile panaliten iki bisaa digunakake kanggo bahan piwulang wirasabasa Jawa ing SMP.

KAPUSTAKAN

- Alwi, Hasan. Et al. 2003. *Tata Baku Bahasa Indonesia*. Edisi ketiga. Jakarta: Balai Pustaka.
- Chaer, Abdul. 2010. *Kesantunan Berbahasa*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Chaer, Abdul dan Agustina, Leonie. 2010. *Sosiolinguistik: Perkenalan Awal*. Jakarta: Rineka Cipta.

- Kridalaksana, Harimurti. 1983. *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia
- Mahsun. 2005. *Metode Penulisan Bahasa: Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta: Rajawali Pers
- Moleong, Lexy J. 2011. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Nadar, F.X. 2009. *Pragmatik & Penelitian Pragmatik*. Yogyakarta: Graha Ilmu.
- Poerwadarminta, W.J.S. 1939. *Baoesastra Djawi*. Batavia: J.B. Wolters' Uitgevers Maatschappij N.V.
- Pranowo. 2009. *Berbahasa Secara Santun*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rahardi, Kunjana. 2006. *Pragmatik: Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga.
- Rahardi, Kunjana. 2009. *Sosio pragmatik*. Jakarta: Erlangga.
- Sasangka, Sry Satriya Tjatur Wisnu. 2011. *Paramasastra Gagrag Anyar Basa Jawa*. Jakarta: Yayasan Paramalingua.
- Subagyo, Rahmad. 2009. *Titi Ukara Basa Jawa*. Surabaya: FBS Unesa.
- Sudaryanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisis Bahasa, Pengantar Penulisan Wahana Kebudayaan secara Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Sudaryanto, dkk. 1991. *Kamus Indonesia-Jawa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Yule, George. 2006. *Pragmatik*. Yogyakarta: Pustaka Belajar.
- (Brown Levinson)
http://www.kuwi.europa-uni.de/de/lehrstuhl/sw/sw2/forschung/hedging/hedging_and_discourse/a_challenge/index.html, diakses 5 Juli 2013 jam 4:24
- Vartalla. 2001. (Online),
<https://tampub.uta.fi/bitstream/handle/10024/67148/951-44-5195-3.pdf?sequence=1>, diakses 5 Juli 2013 jam 3:21)
- Wilamova, Sirma. 2005. On the Function of Hedging Device in Negatively Polite Discourse: *Studia Minora Facultatis Philosophicae Universitatis Brunensis* (Online),
http://www.phil.muni.cz/plonedata/wkaa/BSE/BSE_2005-31_Offprints/BSE%202005-31%20%28085-093%29%20Wilamova.pdf, diakses 5 juli 2013 jam 3:03)